



Chè fanmi,

Bòn Ane! Si pitit ou a fèt an 2018, asire w aplike pou kindergarten avan **20 janvye 2023**.

Èske w voye aplikasyon pou kindergarten ou an deja? Felisitasyon—ou pa bezwen fè anyen ankò.

Si w poko aplike, men sa pou fè:

1. Ale nan [MySchools.nyc](https://www.schools.nyc.gov/my-schools) pou eksplore opsyon kindergarten pitit ou a—ou ka fè rechèch lekòl dapre lokal, aksè, ak lòt kritè.
2. Chwazi jiska 12 pwogram nan aplikasyon pou kindergarten pitit ou an, epi mete pwogram yo nan vrè lòd ou pi pito a , avèk premye chwa w la anlè kòm nimewo 1.
3. Voye aplikasyon w lan nan youn nan de fason sa yo:
 - Sou entènèt avèk MySchools.nyc—tout sa w bezwen pou kòmanse se yon adrès imel ak kèk enfòmasyon debaz sou pitit ou a. Lè w fini aplikasyon an, pa bliye peze bouton "Voye aplikasyon an ale" ("Submit Application")!
 - Pa telefòn nan 718-935-2009

Pou jwenn enfòmasyon ki pi resan yo sou admisyon nan kindergarten, tanpri ale nan schools.nyc.gov/Kindergarten. Ou toujou gen kesyon? Nou la pou nou ede. Rele nou (gade pi wo a) oswa voye imèl ESEnrollment@schools.nyc.gov.

Thanks!

Ekip admisyon kindergarten lan

Èske se yon zanmi ki te voye imèl sa a ba w? Asire w ou mete non w sou lis pou resevwa imèl sou admisyon nan kindergarten nou an nan schools.nyc.gov/SignUp.

Si w pa vle resevwa imèl ankò ki soti nan nenpòt oswa tout lis imèl nou yo, tanpri klike [la a](#) pou retire non w.